

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran kaasup salasahiji usaha nu dilakukeun ku guru atawa pendidik pikeun ngajarkeun siswa nu keur diajar. Pangajaran (*instruction*) mangrupa gabungan tina dua aktivitas, nya éta aktivitas ngajar (*teaching*) jeung aktivitas diajar (*learning*) pikeun lumangsungna proses nyangkem élmu jeung pangaweruh sangkan kahontalna tujuan pangajaran (Tim Pengembangan MKDP Kurikulum dan Pembelajaran, 2011, kc. 180).

Pikeun ngahontal tujuan pangajaran kudu aya gawé bareng antara siswa salaku peserta didik jeung guru salaku pendidik. Ku kituna, inovasi dina pangajaran miboga peran penting sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal. Komponén-komponén pangajaran saperti tujuan, guru, siswa, métode, matéri, média, jeung évaluasi kudu dibarengan ogé ku inovasi sangkan bisa ngirut karep siswa dina prosés lumangsungna pangajaran di kelas.

Faktor-faktor anu mangaruhan dina lumangsungna pangajaran di kelas nya éta aya dua, faktor ékstern jeung faktor intern. Faktor intern patali jeung sakabéh nu aya di diri siswa nu ngarojong kana prosés pangajaran. Sedengkeun faktor ékstern mangrupa sakabéh hal anu datang ti luar diri siswa pikeun ngondisikeun dina prosés pangajaran saperti faktor kulawarga, faktor sakola, pangalaman, faktor masarakat, lingkungan sosial, métode pangajaran, stratégi pangajaran, fasilitas diajar jeung dédikasi guru (Slameto, 2003, kc. 54).

Lumangsungna pangajaran moal bisa leupas tina kurikulum, sabab kurikulum jadi alat pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Kurikulum pangajaran basa Sunda ngawengku opat kaparigelan basa diantarana nya éta kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, kaparigelan nulis (Tarigan, 2008, kc. 1)

Salasahijina kaparigelan basa téh nya éta nulis, kamampuh nulis jadi salasahiji kaparigelan pikeun ngahasilkeun gagasan atawa idé-idé. Salasahiji cara anu bisa dipaké pikeun ngarojong siswa sangkan produktif dina nulis, nya éta ku diterapkeunna modél pangajaran anu bisa ngirut karep siswa.

Dumasar kana hal anu geus ditalungtik ku panyusun di SMP Negeri 43 Bandung yén kurangna variasi dina pangajaran nulis, kabeungharan kosa kecap basa sunda nu masih kurang sarta heureutna motivasi pikeun diajar basa sunda ngabalukarkeun kurangna kamampuh siswa dina pangajaran nulis. Dumasar kana hal éta, guru kudu daék ngageuing karep siswa sangkan daék maca buku basa sunda anu bakal ngabeungharan kosa kecap nu dipimilik ku siswa, jeung guru kudu pinter milih stratégi atawa modél pangajaran anu bisa ngirut karep siswa sangkan daék nulis sarta bisa nyieun tulisan basa Sunda anu hadé.

Ayana pangajaran nulis pangalaman pribadi jadi salasahiji wadah pikeun siswa daék nulis. Ku ayana pangajaran nulis pangalaman pribadi siswa bisa ngébréhkeun naon-naon nu aya dina pikiranana. Bisa nyusun runtuyan pangalaman nu karandapan ku diri sorangan.

Salian ti éta, guru gé dipiharep milih modél pangajaran anu saluyu jeung kabutuhan siswa dina kaayaan ayeuna. Ngagunakeun modél pangajaran anu variatif, bisa dijadikeun alat pangrojong siswa pikeun diajar sangkan leuwih resep jeung wani ngébréhkeun naon-naon anu aya dina pikiranana kana wangun tinulis. Salasahijina nya éta ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*.

Tujuan diterapkeunna modél pangajaran *examples non examples* dina pangajaran, utamana pangajaran nulis pikeun siswa bisa kréatif sarta mikir kritis, wani ngébréhkeun sarta ngadeskripsikeun naon-naon anu aya dina pikiranana ngeunaan gambar, ngaliwatan wangun tulisan.

Aya sababaraha panalungtikan ngeunaan ieu modél, di antarana panalungtikan nu kungsi ditalungtik ku Widiandi Sandi (2008) anu judulna “Modél Pangajaran Pakem jeung Modél Pangajaran *Examples* Dina

Pangajaran Nulis Karangan *Éksposisi*”, panalungtikan Dian Handiani (2010) anu judulna “Babandingan Éféktifitas Modél Pangajaran *Examples Non Examples* jeung Modél *Kooperatif Script* Dina Pangajaran Dongéng”, panalungtikan nu dilakukeun ku Nurlaela (2010) anu judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* Dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2009/2010”, panalungtikan Titin Nurjanah (2011) anu judulna “Pangajaran Nulis Karangan Narasi Ngagunakeun Modél *Examples*”, panalungtikan Siti Maryam Maulida (2011) anu judulna “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* Dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2011/2012) jeung panalungtikan anu dilakukeun ku Widya Mima Lisdiani (2012) anu judulna “Kaéfektifan Modél *Examples Non Examples* Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan”,. Ieu panalungtikan ogé nalungtik ngeunaan modél *Examples Non Examples* tapi bédana dina ieu panalungtikan mah ieu modél téh dilarapkeuna dina nulis pangalaman pribadi saluyu jeung KI 7.2 KD 7.2.2 nya éta “Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk membuat WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PANGALAMAN PRIBADI, dan AKSARA SUNDA” (Depdiknas, 2013, kc. 23).

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diujicobakeun dina pangajaran nulis ku cara ngagunakeun “Modél Pangajaran *Examples Non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana modél pangajaran *examples non examples* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi (studi

kuasi ékspérimén ka siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015).

Modél pangajaran *examples non examples* nya éta modél pangajaran anu ngagunakeun conto-conto kasus atawa gambar salaku média pangajaran. Ngagunakeun média gambar disusun jeung dirancang sangkan siswa bisa nganalisis gambar jadi bentuk déskripsi singget ngeunaan naon nu aya di jero gambar.

Pangalaman pribadi nya éta kajadian anu pernah atawa geus karandapan ku diri sorangan, boh kajadian anu sedih, bungah atawa kajadian séjénna anu mangrupa ébréhan tina gagasan-gagasan sarta naon nu dirasakeun ngeunaan pangalaman nu ditulis. Ambahan karangan pangalaman anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung saméméh maké modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- b. Kumaha kamampuh nulis karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung sabada maké modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- c. Naha aya béda signifikan kamampuh nulis karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Examples Non Examples*?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngarojong siswa sangkan produktif dina ngahasilkeun gagasan atawa idé-idé dina nulis pangalaman pribadi ku cara dilarapkeunna modél pangajaran anu éféktif dina

ningkatkeun kamampuh nulis siswa SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Ari tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskrripsikeun:

- 1) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung saméméh maké modél pangajaran *Examples Non Examples*;
- 2) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung sabada maké modél pangajaran *Examples Non Examples*;
- 3) bédana kamampuh siswa kelas VII-4 SMP Negeri 43 Bandung dina nulis pangalaman pribadi saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Examples Non Examples*.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Manfaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé pikeun pangajaran nulis pangalaman pribadi sarta miboga mangpaat pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis pangalaman pribadi.

### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi maké basa Sunda;
- 2) pikeun guru, dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas ku guru sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana mata pelajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis pangalaman pribadi;
- 3) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *examples non examples*; jeung

- 4) pikeun nu maca, nambahan pangaweruh ngeunaan modél *examples non examples* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa maké basa Sunda.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan. Bab I bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan modél pangajaran *examples non examples*, kaparigelan nulis, jeung pangalaman pribadi; panalungtikan saméméhna; jeung kalungguhan tioritis panalungtik.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.